O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’

XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK

PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI

Muzı’ka ta’li’mi bag’dari’ bakalavriyat pitkeriwshisi

Qutli’muratov Salawat Arti’q u’li’ni’n’

«Muzi’ka woqi’ti’wdi’n’ innovacion pedagogikali’q texnologiyalar» pa`ni boyınsha

«Woqiwshi’g’a maqsetke qaray tapsi’rma beriw» temasi’nda

# KURS JUMI'SI'

Kafedra baslı’g`i’: docent S.Ta’jetdinova

Pa`n woqı’tı’wshı’sı’: p.i.k. S.E.Romanova

N o` k i s – 2016

**Tema:** «Woqiwshi'g'a maqsetke qaray tapsi'rma beriw»

Joba:

Kirisiw

Tiykarg`i' bo`lim.

I-Bap. Zamanagoy pedagogikalı'q texnologiyalarlı'n` ta`limdegi worni'.

1.1. Ta`limde pedagogikalı'q texnologiya

1.2. Bilim beriwde woqı'ti'wshi'nı'n` innovacion ta`lim beriw talaplari'.

II-Bap. Muzi'ka ta`limin woqi'ti'w texnologiyasi'

2.1. Muzika sabag'inda maqsetke qaray tapsirma beriw

Juwmaqlaw

Paydalang`an a`debiyatlar

Mazmuni’

Kirisiw ......................................................................................................4

Tiykarg`i’ bo`lim.

I-Bap. Zamanagoy pedagogikalı’q texnologiyalarlı’n` ta`limdegi worni’.

1.1. Ta`limde pedagogikalı’q texnologiya …………………………….8

1.2. Bilim beriwde woqı’ti’wshi’nı’n` innovacion ta`lim beriw talaplari’…………………………………………………………12

II-Bap. Muzi’ka ta`limin woqi’ti’w texnologiyasi’

2.1. Muzika sabag’inda maqsetke qaray tapsirma beriw………………16

Juwmaqlaw.............................................................................................22

Paydalang`an a`debiyatlar .....................................................................25

## Kirisiw

**Temani’n` aktualli’g`i’.** O`zbekistan halı’q bilimlendiriw si’temasi' rawajlanı’wı’nı’n` jan`a basqı’shları’ kirip keldi, uzliksiz bilimlendiriw sisteması jarati’ldi’. Bilimlendiriw ha`m milliy ta`rbiya sistemasi’na, woqi’w ta`rbiya mekemeleri turmi’si’na pedagogikali’q innovaciyani’ jan`ali’qti’) yengiziwge ku`ta` a`hmiyet berilmekte. Usi’ maqsette qalali’q, rayonli’q xali’q bilimlendiriw bo`limlerinde, mekteplerde pedagogikali’q innovaciyalardi’ u`yrenetu`g`i’n, innovaciyali’q toparlar sho`lkemlestirildi. Ha`zirgi zaman axborot, baylani’s texnologiyası’n qollaw, komp`yuterlestiriw, komp`yuter tarmaqlari’ bazasi’g`nda pedagogikali’q processti’ xabar menen ta`miyinlew, arali’qtan woqi’ti’w ha`m internetten paydalani’w ku`n ta`rtibine qoyi’ldi’.

Usi’ wo`zgerisler mug`allimge salamat awladti’ ta`rbiyalap kamalg`a jetkeriwdey a`diwli waziypa ju`klegen.

Sonday-aq, balalardi’ muzı’ka pa`ni arqali’ wolardi’n` bilimin, ta’rbiyasi’n qa`liplestiriwde woqi’ti’wshi’ni’n` qollap ati’rg`an metodi’, ha`m de isleri ta`lim talaplari’na juwap beretu`g`i’n, balalar kewilinen jay alatu`g`i’n usi’llardi’ muzi’ka mug`allimi tan`lap biliwi maqsetke say.

Muzi’ka ta`limi wo`tmish tariyxı’mı’zda ha’m de bu`gingi ku`nde muzı’ka insannı’n` qa`liplesiwinde u`lken u`lesin qosqanlı’g`ı’nı’ biz bilemiz, wonı’n` sana sezimine ha`m fiziologiyası’na aktiv ta`sir ko`rsetedi. Worta ta`lim beriwshi mekteplerinin` tiykarg`i’ waziypalari’nan biri, woqi’wshi’lardi’n` pikirlew woy worı’si’ni’n`

ken`eytiwden turadi’. Bul wazi’ypani’ a`melge asi’ri’wda muzi’ka sabag`i’ ayri’qsha a`hmiyetke iye. Wonda woqı'tı’wshı’ balalardı’ belgili bir muzı’ka shı’g`arması’ menen tanı’stı’rı’p, wonı’ mazmunlı'y etip atqarı’p, balalardı’n` dı’qqat itibarı’n shı’g`armag`a qaratadı’, sol arqalı’ wolardı’n` soylew ma`deniyatı’n, pikirlew qa`biliyeti rawajlanadı’, du`n`yag`a ko`z qarası’ ken`eyedi, emocional sezimlerine aktiv ta`sir ko`rsetedi. Muzı’ka sabaqları’nda tek sabaqti’n` mazmunı’n g`ana u`yretip qoymastan, balki woqi’wshi’lar sanasi’n rawajlandi’ri’w, estetikali’q ma`deniyati’n qa`liplestiriw ha`m de basqa ishki sezimlerin rawajlandi’ri’w ko`zde tuti’ladi’. Bul waziypalardi’ a`melge asi’ri’w woqı’tı’wshı’nı’n` tuwrı’ metodlar paydalanı’wı’na ha`m pedagogikalı’q texnologiya usı’lları’n qollawg`a baylanı’slı’. Usı’ pedagogikali’q texnologiyalardan na`tiyjeli paydalanı’w ha`zirgi zamanagoy ta`lim diziminin` ayri’lmas u`lken bo`legi desek adaspaymı’z. Bul ma`mleketimizdegi ta`lim diziminin` yen` aktual ma`selelerinen biri bolı’p kiyatı’r.

Muzi’ka yamasa basqa pa`n predmeti boyi’nsha mug`allim, wo`z bilimlerinen ti’sqari’, woqı’w processıne kirise wotı’rı’p, kerekli pedagogikalı’q minimumg`a, pedagogikalı’q ha`m psixologiyalı’q bilimler ko`lemine, sabaq beriw metodikası’n ha`m texnologiyası’n iyellegen bolı’wı’ kerek.

Sonday-aq, ta`lim sisteması’nda texnologiyalastı’rı’w ma`selesi ha`zirgi yen` aktual ma`selesi sı’patı’nda qaralmaqta.

Sol tiykarda tiykarg`ı’ pedagogikalı’q process muzı’ka woqı’tı’wshı’sı’ da tek teren` muzı’kalı’q bilimler menen yemes, balki qosı’msha pedagogikalı’q sheberlikler, sabaq processı’nda

texnologiyalardı’ qollanı’wda balalardı’ qa`libinen jol taba alı’wda bolı’p ta`lim-tarbiya processı’nda aktual ma`selelerden biri. Bul worı’nda biz tan`lag`an muzı’ka ta`limin balalarg`a jetkeriwde pedagogika texnologiyadan paydalanı’w tiykarı’ndag`ı’ pitkeriw jumı’sı’mı’z aktual ma`seleler sı’patı’nda mektep ta`liminde worı’nlı’ yesaplanadı’.

Woqı’tı’wshı’ ha`r bir sabaq dawamı’nda muzı’ka yamasa shı’g`armanı’ analiz yetedi, u`yreniwdin` an`sat sheshimlerin woylap tabadı’, bir na`rsege salı’stı’radı’(Salı’stı’rı’w metodı’), woqi’w processi’nda motivaciya payda yetedi. Woqı’tı’wshı’nı’ sabaqta obrazlardı’ Salı’stırı’p, so`z menen muzı’kanı’ analiz yetedi. Sonday-aq, shayı’r ha`m ko`mpozitorlar wo`miri ha`m muzı’ka teoriyası’ haqqı’nda tusinikke bir waqı’ttı’n` wo`zinde iye boladı’. Sabaq mazmunı’ balag`a tez sin`dire alı’w kerek. Bunda bul shı’g`arma tuwralı’ woqı’wshı’ pikirlep biliwi, wolardı’ dodalawı’, u`qsatı’wları’, Salı’stı’rı’wı’, sonday-aq, qo`sı’q atqarg`anda tabiyg`ıylıg`ı’n shı’g`arı’wı’ da bahalanı’p barı’ladı’.

Pedagog ta`rbiyashı’ sı’patı’nda, qa`biliyetinde, woqı’wshı’lar qa`libine jol taba alı’w, sonday-aq muzı’kanı’n` woqı’wshı’larg`a ja`nede go`zzal, mazmung`a bay yetip beriwde pedagogikalı’q texnologiyalardı’ qollaw, ha`r turli woqı’wshı’lar fiziologiyası’ ha`m de jas wo`zgesheligine say metodlardı’ qollawdı’ na`zerde tutadı’. Bul worı’nda biz tan`lag`an kurs teması’ aktual.

Temanı’n` maqseti: Muzı’ka ta`limin rawajlandı’rı’wda innovacion texnologiyalardı’ qollawda sabaq barisinda maqsetti aniq qoyiw jollari.

Jumıstın` metodikalıq a`hmiyeti: Muzi'ka sabag'inda maqsetti aniq yetip qoyiwda sabaqtin' ha`r ta`repleme woqı'wshı'lar qa`libine mazmung`a bay, go`zzal yetip, wonnan ta`lim-ta`rbiya alatu`g`ı'nday yetip jetkeriw ushı'n woqı'tı'wshı'nı'n` tan`lag`an jan`a interaktiv metodları'nda ha`m de wol metodlardı' qollay biliwlerinde.

*Tiykarg`i’ bo`lim.*

# I-Bap. Zamanagoy pedagogikali’q texnologiyalardi’n` ta`limgegi wormi’.

## 1.1. Ta`limde pedagogikalı’q texnologiya

Ta`limdi texnologiyalasti’rıw ideyasıi’ jan`alıq yemes. Bunnan 400 jıl buri’n Chex pedagogi Yan Amos Komenskiy ta`limdi texnologiyalasti’ri’w ideyasi’n ilgeri su`rdi. Wol ta`limdin` texnikali’ yetiwge itermelegen, yag`niy ha`mme na`rse woqi’ti’lsa, na`tiyjege yerisiwge iye bolsi’n. Na`tiyjege ali’p keliwshi, woqi’w procesi, wol «didaktikali’q mashina» dep atag`an.

Bunday didaktikali’q mashina ushi’n qoyi’lg`an to`mendegi maqsetlerge yerisiw ushi’n, ani’q mo`lshellengen qurallar; bul qurallar menen qanday paydalani’w ushi’n, ani’q ni’zamlardi’ tabi’w mu`mkinligin jazg`an.

Ta`lim teoriyasi’ ha`m a`meliyati’nda woqi’w procesine texnologiyali’q qa`siyetlerin beriw ushi’n 50 ji’llari’ birinshi boli’p xa`reketler islendi. Wolar wo`z mazmuni’n da`stu`riy woqi’ti’w ushi’n quramali’ texnikali’q qurallardi’ jarati’wda tapqan.

Ha`zirgi waqi’tta pedagogikali’q texnologiya «woqi’ti’wdi’n` texnologiyali’q qurallari’ yamasa komp`yuterlerden paydalani’w tarawi’ndag`i’ izertlewlerdey qaralmaydi’, balki bul ta`lim na`tiyjeliligin asi’ri’wshi’ komponentlerdi tali’qlaw, islep shi’g`i’w ha`m de usi’l ha`m materiallardi’ qollaw, sonday-aq, qollani’p ati’rg`an usi’llardi’ bahalaw

joli’ arqali’ ta`lim procesi’ni’n` tiykarlari’ ha`m wonı’ jolg`a qoyi’w jollari’n islep shi’g`i’wdi’ ani’qlaw maqsetindegi izertlew»[1].

1970-1980 ji’llarda AQShda pedagogikali’q texnologiyalar payda bo`ldi’ ha`m ba`rshe kapitalistik ma`mleketlerdi wo`rap aldi’. Bul xa`reket YuNESKO ta`repinen qollap-quwatlandi’ ha`m de bul tarawda ilgerilep jurgen pedagogikaliq tajriybe Bolgariya, Vengriya, Pol`sha, Rossiya siyaqli’ ma`mleketler pedagoglari’n da qi’zi’qti’ri’p qaldi’.

«Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri» nde jetekshi pedagogika texnologiyalari’n propaganda yetiw ha`m wo`zlestiriw za`ru`rligi ko`p ta`kirarlanadi’. Pedagogikali’q texnologiyani’n` wo`zi ha`m de woni’n` da`stu`riy ta`lim metodlari’nan nesi menen pari’q yetedi?

Ha`zirgi ku`nde pedagogikaliq ta`lim mashqalaları’na say temalar belgili xujjetlerde «pedagogikalı’q texnologiyalar», «zamanagoy texnologiya», «innovacion texnologiyalar» tu`sinikleri ken` qollani’li’p ati’r.

Ta`lim maqsetleri, woni’n` mazmuni’, woqi’ti’w ha`m bilim beriw metodlari’, baqlaw ha`m na`tiyjelerdi bahalawdi’ wo`zara mu`na`sebette ha`m bir-biri menen baylani’sta proektlew-ko`binese da`stu`riy woqi’w processi’nda jetispeytu`g`i’n zatlar. Ma`selen ko`p waqi’tlari’ axborotti’ yeslep qali’wg`a bag`darlang`an, ta`lim ali’wshi’ni’n` keleshek jumi’si’ bolsa belgili jumi’slardi’ wori’nlaw yamasa sho`lkemlestiriw menen baylani’sli’ boladi’.

---

1 Golish L.V., Fayzullaeva D.M. Pedagogika texnologiyalarni loyihalashtirish va rejalashtirish: O`quv uslubiy qo`llanma/ Ta`limda innovatsion texnologiya seriyasi.- T.: 2010. 149b.(8 b.b.)

Pedagogikali’q texnologiyag`a V.Bespal`ko, B.Lixachev, I.Volkov, M.Choshanov, M.Klarin, I.Lerner, Ch.Yudin Slastenin J.Yoldoshev, M.Ochilov, N.Sayidahmedov, W.Tolipov, N.Azizxojaeva ha`m basqalar pikir bergenler. Aytıp wo`tilgen ilimpazlar arasi’nda pedagogikali’q texnologiya tuwrali’ axborotti’ MDX ma`mleketleri, sonday-aq, O`zbekistanda tarqali’wi’nda V.P.Bespal`ko ha`m M.V.Klarinlarni’n` ta`siri ku`shlirek, M.V.Klari’n pedagogikadag`i’ texnologiyali’q jantasi’wdi’n` ishki duzilisi ha`m mazmuni’ tuwrali’ bir neshe tola mag`lumatlardi’ bayan yetken.

Pedagoglardi’n` jumi’s a`meliyati’nda bir waqi’tlari’ texnologiyali’q quri’lg`an woqi’ti’w metodlari’ yemes, balki paydali’ bolsada awwelden wo`zlestirilgen. "Pedagogikali’q texnologiya" tusinigi menen belgilenedi. Tiykari’nda pedagogikali’q texnologiya - bul woqi’ti’wg`a wo`zine say bolg`an jan`asha (innovaciya) jantasi’w.

Du`n`ya pedagogika pani ilimiy-texnika rawajlani’wi’ ta`sirin basi’nan keshirip, psixologiya, kibernetika, sistema teoriyasi’, basqari’w teoriyasi’ ha`m de basqa pa`nler jetiskenligin birlestirip, ha`zirde aktiv jan`alani’w (innovaciya) processi’ basqi’shi’nda turar yeken, insan mumkinshiliklerin na`tiyjeli rawajlandi’ri’w a`meliyati’nda bay juwmaq bermekte.

Pedagogikali’q texnologiya metodlari’ wo`zinin` bapslawı’sh ma`nisin yen` da`step woqi’ti’wdi’n` xa`reketti tipik ahwalda u`lgi (belgilengen ni’zam) boyi’nsha wo`zlestiriw talap yetiletu`g`i’n reproduktiv darejesi ushi’n islep shıg`i’lg`an. Reproduktiv ta`lim ha`r qanday ta`limdin` za`ru`r ishki bolegi yesaplanadı’, wol insan payda

yetken ta`jiriybeni ani’q woqı’w pa`ni aylanası’nda wo`zlestiriw menen baylanı’slı’.

Pedagogikalı’q texnologiya – ta`lim metodları’, usı’lları’, jol-jobaları’ ha`m de ta`rbiyalı’q quralları’ ji’yi’ndı’sı’. Bul wo`z aldı’na ta`lim formaları’n optimallasti’ri’w waziypasi’n qoyı’wshı’, putkil woqi’ti’w ha`m bilimlerdi wo`zlestiriw procesin texnikalı’q resurslar ha`m adamlardı’n` wo`zara mu`na`sebetlerin yesapqa alg`an jag`dayda jaratı’w, qollaw ha`m anı’qlawdı’n` dizimli metodı’. Demek, pedagogikalı’q texnologiya insang`a (ta`lim-ta`rbiya alı’wshıg`a) aldı’nan belgilengen maqset boyı’nsha wo`tkeriw ta`sir wo`tkeriw jumi’si’nan turadi’.

Ta`lim texnologiyasi’ – ta`lim maqsetlerine yerisiw procesinin` uli’wmali’q mazmunı’, yag`nıy, awelden proektlestirilgen ta`lim procesin bir dizim tiykarı’nda izbe-iz a`melge ası’rı’w, anı’q maqsetke yerisiw joli’nda belgili metod, usi’l ha`m qurallar dizimin islep shi’g`i’w, wolardan na`tiyjeli paydalani’w ha`m de ta`lim procesi’ni’n` joqari’ da`rejede basqari’wdi’ tu`sindiredi.

YuNESKO ta`riplewinshe Pedagogikali’q texnologiya – ta`lim beriw ha`m wo`zlestiriw usi’llari’ni’n` jarat`i’w, qollaw wolardi’ bir dizimge keltiriw joli’ menen insan sanasi’n ha`m texnikali’q qurallardi’n` ba`rshe mumkinshiliklerinen jaqsi’ paydalani’p bilimler wo`zlestiriliwinin` yen` maqul procesi.

Pedagogikali’q texnologiyalardag`i’ ideya mektep jumi’si’ni’n`yamasa ha`r qanday ta`lim basqari’wi’ni’n` ha`m bilim beriwdin` tiykarg`i’ negizi bolg`an procestin` basqari’li’wshi’li’g`i’.

Bazi’da pedagogikali’q jumi’s ta`jiriybesinde pedagogikali’q texnologiyalardi’ belgili bolg`an ha`tteki paydali’ bolg`an, biraq bilim beriw metodikasi’ texnologiyali’q jarati’lmag`an dep tu`siniledi. Biraq, pedagogikali’q texnologiya wo`zine say innovaciyaliq jantasi’w.

Demek, pedagogikali’q texnologiyalari’ sabaq procesi’n izbe iz waqi’tlar dawami’nda metodlardi’ qa`liplestiriwde ja`rdem beredi, ta`lim bari’si’n jaqsi’laydi’. Woqi’wshi’lar sabaq dawami’nda zerikpey sabaqqa qi’zi’g`i’wshi’li’g`sh asi’p baradi’.

## 1.2. Bilim beriwde oqıtshwshshnın` innovatsion ta`lim beriw talapları.

Ja`miyetimizde keyingi waqitı bilimlendiriw tarawi’nda innovatsiyaliq texnologiyalar mazmuni’nda woqi’w processesleri a`melge aspaqta. Bul jan`ali’q woqi’ti’wshi’lardi’n` ku`nler, ha`pteler, aylar ha`m de ji’llar dawami’nda wo`qi’ti’latu`g`i’n pa`n boyi’nsha a`ste-a`ste ha`r qi’yli’ ko`rsetpe ha`m tapsi’ri’qlar, woqi’wshi’lardi’n` bilim ali’w dawami’nda wo`zgerip kiyatirg`an wo`zlestiriw wo`zgerisleri, bahalaw wo`lshemleri tiykari’nda qaliplesip keldi.

Ji’llar dawami’nda ta`lim beriwshinin` bir neshe usi’lları ha`m metodlari’ payda boli’p wolardın` ja`miyettegi wornı’, a`hmiyeti ullı’.

Sabaq ha`mme pa`nler qatarı’nda muzı’ka woqı’tı’wda ayrı’m sabaqlar balalardı’n` ta`lim alı’w processı’n u`yreniw tiykarı’nda sho`lkemlestirilgen bolsa, basqaları’ sabaq beriw processı’nde payda bolatu`g`ı’n mashqalalardı’ yesapqa alg`an jag`dayda sho`lkemlestirilgen.

Woqi’ti’w formalari’ni’n` basqa ha`r tu`rleri bir qansha ilimpazlar ta`repinen islep shıg`i’lg`an filosofiyali’q-modellar tiykari’nda sho`lkemlestirilgen. Son`in ala, woqi’ti’wshi’ni’n` ta`lim beriw modellerı tiykarı’nda sho`lkemlestiriw ken` ko`lemde a`melge asi’ri’la basladi’.

Bunda wo`qi’ti’wshi’ ha`m talabalardi’n` belgili bir qa`niygeliginen bilim ali’wlari’ arnawli’ usi’llar, modeller, ta`lim standartları yamasa strategiyalar tiykari’nda a`melge asi’ri’lar yedi. Son`g`i’ waqi’tlari’

woqi’ti’wshi’ arasi’nda ten`lik ha`m de do`retiwshilik pikir almasi’w arqali’ processi’ a`melge asi’ri’li’p, wo`zara mu`na`sebette innavaciyaliq, interaktiv ta`lim processi’ a`melge asi’ri’lar yedi. Biraq, bul modellerdin` isletiliwi ha`m na`tiyjesi woqı’tı’wshı’lardı’n` bilim da`rejesine, umti’li’wları’na, sana sezimlerinin` rawajlanı’w ko`rsetkishlerine ha`r qashan da say kelebermeydi. Ma`selen, sabaqta woqı’wshı’lardı’n` ayrı’mları’ bilim alı’wdı qa`lemeytu`g`ın ha`m bunda qı’zı’qpaytu`g`ı’n bolsa, biraq woqı’tıwshı’dan wolarg`a qandayda bir usı’llar menen de qandayda bilim beriw talab qı’lı’nsa, wol jag`dayda joqarı’da ko`rsetip wo`tilgen ha`r qanday model, usı’l yamasa strategiya ha`m de wo`z-wo`zinen qorqı’p qaladı’. Bunday jag`daylarda ta`lim beriwde woqı’tı’wshı’nı’n` wo`zara qatnası’ arqalı’ a`melge ası’rı’wg`a xa`reket yetemiz. Woqı’tı’wshı’ woqı’wshı’ qa`lbine jol taba alı’wı, wolarda bir bilim beriw jol-jobaları’n woylap tabı’w, bul metodları’nda toqtap qalmastan rawajlandı’rı’p barı’w ta`limde innovaciyaliq sistemanı’n` talapları’na juwap beredi.

Sonday-aq, ha`zirgi dawir ta`lim beriw ha`m bilimlendiriw processı’nde woqı’tı’wshı’nı’n` ju`mı’sı’ tek ilimiy, balki do`retiwshilik, artistlik tiykarı’nda da a`melge ası’rı’lı’w kerek, woni’n` sabaq beriw processindegi roli biraz quramalı’ bolı’p, wonı’n` wo`zine say tariyxıy ha`m zamanagoy ta`replerinin` payda bolı’wı’, dawirler arası’ndag`ı’ ayı’rmashı’lı’qtı’ wo`zinde sezip ha`m de bilim alı’wshı’larg`a sezdiriw, wolarg`a zamanagoy bilimler beriwi, ma`deniy-ma`nawiy, siyasıy ha`m a`meliy bilimler beriwi talap yetiledi.

Woqı’wshı’lardı’n` bilimleri, shan`araqtag`ı’ jag`dayları’ sebepli wolardı’ yesapqa alı’p woqı’tı’wshı’lardı’n` ju`mı’sı’ ja`nede

quramalasadı’, wolar burıng`ıdan ko`re ha`r qı’ylı’ da`rejede ha`m de ha`r turli a`meliy ko`nlikpelerge iye bolg`an woqı’wshı’lar arası’nda jumı’s islewlerine tuwrı’ keledi. Bul bolsa wolardan ta`lim beriwde jan`a usı’l ha`m metodlar qollanı’lı’wı’n ko`rsetip beredi.

Bilim beriwdin` na`tijeligigin ta`mindewde yen` tiykarg`ı jolları’nan biri interaktiv ta`lim beriw texnologiyaları’ bolı’p sabaq processinde qag`ıyda ha`m mumkinshilikleri da`rejesinde u`yrenip barı’lı’wı’ bul woqı’tı’wshı’nı’n` parı’zı’ ha`m wonı’n` tikkeley wazı’ypası’.

## II-Bap. Muzi’ka ta`limin woqi’ti’w texnologiyasi’

### 2.1. Muzika sabag’inda maqsetke qaray tapsirma beriw

Uliwmabilimlendiriw mekteplerinde muzi’ka ta`limi jeti ji’l dawam yetedi. Bul klasslar bari’si’nda sabaqlar, woqi’ti’w formalari’, repertuarlar wolardi’n` jas wo`zgesheligine qaray wo`zgerip baradi’. Ha`pte dawami’nda bir saat qoyi’ladi’. Woqı’tı’wshı’ ulı’wmalı’q sabaq wo`tiwden maqset woqı’wshı’lardı’ pikirlew ha`m woylawg`a u`yretiw, ta`riya beriw. Bul wazıypalardı’ a`melge asi’ri’wda muzı’ka sabag`I’ jetekshi a`hmiyetke iye. Bunda woqı’tı’wshı’ belgili bir muzı’ka shı’g`arması’ menen woqı’wshı’larg`a tanı’stı’rı’p wonı wo`zi go`zzal yetip, woqı’wshı’lar dı’qqatı’n shı’g`armag`a qaratadı’. Wolardı’n` so`zlerdi tuwrı aytı’w ma`deniyatın wo`stiriw, pikirlew qa`biliyetin, du`n`yag`a ko`z – qarası’n ken`eytiredi, emocional sezimlerinede jaqsı’ ta`sir yetedi.

Muzi’ka sabaqları’nı’n` mazmunı’na tek g`ana wo`zlestiriw yemes, balki balalar sanasi’n wazıypalarg`a mu`na`siybetin rawajlandırıw. Estetikalı’q ma`deniyatı’n payda yetiw ha`m basqa ishki sezimlerin qa`liplestiriw ko`zde tutı’ladı’.

Muzı’ka sabag`i’ basqa pa`nlerden wo`zinin` estetikası’, tilsiz aytı’lı’wı’n jen`il worı’nlanı’wı’, wo`zinin` spetsifik wo`zgesheligi, quwanı’shı’, sezimleri menen ajı’ralı’p tu`radı’. Woqı’tı’wshı’ bul wo`zgeshelikten paydalanı’p jan`a pedagogikalı’q texnologiya, ta`rbiya usi’llari’n islep shi’g`i’wi’, klassti’ muzi’ka komponentleri menen qurallandı’rı’w, bezew, ko`rsetpe qurallar menen ta`minleniwi kerek.

Bul wo`zgeshelik mazmunı’nda muzı’ka teoriyası’, ritmikasi’, i’rg`aqı’ ha`m bunı’n` sı’n`g`i’rlı’sı’ sazı’n yesitiliwi ha`m elementleri bar.

Muzi’ka ba`rshe pa`nler menen baylani’sli’ boli’p, ba`rshe pa`nlerge psixologiyali’q, fiziologiyali’q ta`sir ko`rsetedi. Sonday-aq, zamanagoy dawirde ma`mleketimiz ta`lim diziminde aktual waziypa bolı’p, bilim beriw burshı’ bolg`an milliy qa`diriyatları’mı’zdı’ bul jumı’sta qollap, klassikalı’q muzı’ka namalarımı’zdı’ woqı’wshı’larg`a sin`dirip, sonı’n` menen birge wo`zimiz milliy qosı’qlardı’ u`yrenip, milliy maqtanı’shı’mı’zdı’ qa`liplestirip ha`m qa`liplesken woylaw, pikirlew baylı’g`i’nan woqı’wshı’lardı’ xabardar yetiw, sabaqta maqsetti aniq’ qoyi’w ha’m balalarg’a uyretiw muzı’ka woqı’tı’wshı’sı’nı’n` waziypası’ yesaplanadı’. Bul waziypanı’ a`melge ası’rı’w ushı’n biz ja`ne milliy da`stu`rimizdi u`yreniwde xa`r qı’ylı’ ta`jiriybe bazaları’mı’zg`a qaraymı’z. Bunı’n` ushı’n woqı’tı’wshı’, metodist ilimiy izertlew isleri juwmaqları’ ha`m usı’nı’sları’na su`yenip, jan`a usı’llar islep shı’g`i’p wo`z pedagogikalı’q texnologiyaları’n jaratı’wı’ ha`m qollawı’ za`ru`r.

Woqı’tı’wshı’ wo`z waziypası’na sebepli jantası’w ha`r qanday ta`limdi balalarg`a sin`diriwde, ta`rbiya alı’wg`a kerekli a`hmiyetke iye. Sonday-aq, muzı’ka ta`limin alg`an, muzı’kadan mag`na mazmun alg`an ha`r qanday insan jamanlı’q tekshesinen wo`tpeydi. Sol tiykarda jaslar keleshegi jarı’q bolı’wı’ ushı’n aqi’l jag`i’nan jetik, kamil insanlar bolı’p jetilisiwi za`ru`r. Bunda bolsa muzı’ka ta`liminin` paydası’ bulardan shette yemes.

Muzı’ka sabag`i’ balalardi’ a`deplilik jag`i’nan rawajlani’wi’nda u`lken na`tiyjeli ta`sir ko`rsetedi. Sabaq wo`tiw

muzi’ka ta`rbiyasi’ diziminde jetekshi baza yesaplanadi’. Sabaq wo`tiw ushi’n woqi’wshi’ wo`zinin` muzı’kalı’q ha`m teoriyalı’q bilimlerin qa`liplestiriw kerek. Muzi’ka insandı’ qa`liplestiriwinde kerekli worı’n iyeleydi, wonı’n` sezimi ha`m fiziologiyası’na aktiv ta`sir ko`rsetedi.

Muzı’ka insandı’ qa`liplestiriwinde kerekli worı’n iyeleydi, wonı’n` sezimi ha`m fiziologiyası’na aktiv ta`sir ko`rsetedi.

Woqı’wshı’nı’n` sabaqqa do`retiwshi sı’patı’nda qatnası’wı’ u`lken a`hmiyetke iye ha`m de birneshe wazıypalardı’ wo`z aldi’na **maqset yetip** qoyadı’.

Muzi’ka ta`rbiyasi’nda jan`a metod ha`mde qurallar izlew – turmı’s penen isskustvo wortası’ndag`i’ baylani’sti’ muzi’ka ma`deniyati’n mazmuni’ ha`m ma`nisin ko`rsetip tu`sindiriw, maqsetti a`melge asi’ri’wda mug`alim jaqsi’ tayarli’q yetiwi, wo`z u`stinde tınbay islewi, yag`nıy bilim ma`deniyatın, ilimiy a`debiyatlar, da`stu`rler, ko`rkem a`debiyatlar, teatrlarg`a barı’p ruwxıy ha`m bilim jag`ınan sapası’n wo`stiriw jolları’n qa`liplestirip barı’wı’ kerek. Muzı’ka wo`tiletug`i’n klasstı’ estetikaliq sezim menen jaqsı’ bezew u`lken a`hmiyetke iye. Ko`rgizbe qurallar, texnika a`sbapları’, sa`z a`sbaplardan paydalanı’p, sabaq planları’n, scenariylari’n du`zip jan`a texnalogiyanı’ qollawı’ tiyis. Ha`m de muzı’ka sabaqları’nı’n` ba`rshe tarmag`i’n maqsetin ha`m mazmunı’n sabaqtı’ temaları’n ashı’p beriwi, turmı’s penen baylanı’stı’rı’p sabaqtı’n` ha`mme bo`leklerin bir – biri menen baylanı’slı’ wo`tiwdi talap yetedi.

Sonı’n`day, muzı’ka sabag`i’ basqa pa`nler menen ha`m baylanı’slı’. Suwretlew wo`neri, a`debiyat, ana tili, matematika, tariyx, pedagogika, psixolgiya, vokal, ritmika ha`m tag`i’ basqa. Bular muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`i’n wo`mir, turmı’s penen baylanı’stı’rı’wg`a mazmunlı’, qı’zı’qlı’, sı’patlı’ yetip sabaq wo`tiwge ja`rdem beredi, a`sirese, ha`zirgi zamanago`y pedagogikalı’q texnalogiyalardı’ qollag`anda, muzı’ka sabag`i’ wo`zinin` aralas sabaq tipi bolg`anlı’g`i’nnanda basqa pa`nlerden ajı’ralı’p turadı’.

Muzika sabaqlari’nda maqsetti ani’qlasti’ri’w ushi’n pa’nnin’ ani’q wo’zine sayli’g’i’n ani’qlaw, berilip atirg’an temani’ wo’qi’wshi’ ushi’n ja’n’a axborot yekenligi yekenligin biliw, sabaqtin’ tu’ri, a’melge asi’ri’li’wi’ sabaq maqsetin ani’q qoyiw ha’m de a’melge asiriwdi jolg’a qoyiliwi maqsetke say.

Maqsetti ani’qlasti’ri’wda woqiwshi’lar menen birgelikte a’melge asi’ri’ladi’. Sebebi wo’qi’wshi’lardi’ sabaq maqseti qi’zi’qti’ri’wi’, womirlik turmi’si’ menen baylanistirip ko’riwi, sabaqti wo’z ma’pine say ekenligin ani’qlasalar wo’qiwshi’lar temani’ jaqsi’ wozlestire aladi. Bul bolsa sabaq na’tiyjeliligin asi’radi’.

Sabaq wotiwde wo’qi’ti’wshi’ taza temani’ ja’n’ali’q si’pati’nda uyretiwde qo’si’q so’zlerinin’ arnawli navigaciyasi’[2] ha’m illyustraciyasi’ arqali uyretiw balalarda bir ja’n’a axborot si’pati’nda qabi’l yetediler.

---

- [2] tema teksti, sonday-aq, basqa axborot materialinin’ arnawli’ navigaciya (gipertekst), sonday-aq, basqa axborot materiallari’n arnawli’ illyustraciya (mul’timedia qurallari’, suwretler, diagrammalar ha’m tablicalar) arqali’ usi’ni’li’si’.

Sonday-aq, sabaqtag'i' materiallardi gipperci’lkalar arqali mag’li’wumatlar beriliwi, ha’r bir qo’si’qti’ frazalarg’a bo’lip shi’ni’g’i’wlar isletiw(bunda ha’r bir frazani aldin nota menen keyin tekcti menen qaytalatiw) arqali sabaqti bekkemlew, qa’telerin sezip bariw, aniqliq kiritiw maqsetke qaray na’tiyjeli a’melge asi’radi’.

Ha’r bir sabaqtin’ maqsetin wo’qi’wshi’ tusinse, maqsetke qaray umti’ladi, solardan kelip shi’g’i’p wo’qitiwshi’ ta’repinen waziypa tapsiriladi ha’m de wo’qiwshi bul tapsi’rmani maqsetin bilgeni ha’m de wo’qitiwshi’ni’n’ bag’darina qaray tapsirmani’ worinlaydi.

Wo’qiwshilarg’a berilgen tapsirmalardi’ bahalaw to’mendegishe boli’wi’ mumkin:

-Test ja’rdeminde;

-jazba jumis arqali;

-awizeki jumis arqali;

-jaris formasi’nda;

-jeke atqariw arqali;

-to’perli’ atqariw arqali; ha’m basqa formalarda baha’anadi.

Bul bahalaw formasin sabaqti sho’lkemlestiriw basqi’shi’nda wo’qi’wshi’larg’a aytip wo’tiwi kerek boladi’.

Woqitiwshi qanday sabaq wo’tiwine qaramastan sabaqti jo’qari’ sipatta wo’tiliwin ta’miyinlew kerek.

Wo’qi’ti’wshi’ ta’repinen uyge berilgen tapsirmalari yamasa qosiqlari a’lbette ba’halani’p bari’li’wi’ sha’rt. Sebebi wo’qi’wshi’lar bul processti kutedi. Wo’qi’ti’wshi’ wolardi rag’betlendiriwi kerek boladi.

Sabaqta ha’r qi’yli interaktiv metodlardan paydalaniwg’a boladi.

Wo’qi’wshi’larg’a interaktiv metodlar ta’limdi tez ha’m aktiv ta’sir yetiwin ta’miyinlew de wo’qi’ti’wshi’ni’n’ wa’ziypasi’. Demek sabaqtin’ yen’ tiykarg’i’ basqari’wshisi wo’qi’ti’wshi’.

Sabaqtag’I’ tan’lang’an metodlar, qosiq, sabaqti’n’ tu’ri bar-birin baylani’sti’ri’w kerek. Bolmasa sabaqtin’ si’pati’ wo’zgeredi ha’m de sabaq na’tiyjesine keri ta’sir yetedi.

So’nday-aq, sabaqti’ ha’r bir saaati’ bir birin qaytalaybermewi kerek, sebebi sabaqti’n’ bunday seyilde boli’wi’ wo’qiwshi’lardi’ zeriktirip qoyadi. Bul wo’qiwshi’lardi’ sabaqqa bo’lg’an qi’zi’g’i’wi’n jo’g’altadi’.

Juwmaqlaw.

Ja`miyetimizde keyingi waqi’tı’ bilimlendiriw tarawı’nda innovacion texnologiyalar mazmuni’nda woqı’w processesleri a`melge aspaqta. Bul jan`alı’q woqı’tı’wshı’lardı’n` ku`nler, ha`pteler, aylar ha`m de jillar dawamı’nda wo`qı’tı’latu`g`i’n pa`n boyı’nsha a`ste-a`ste ha`r qı’ylı’ ko`rsetpe ha`m tapsı’rı’qlar, woqı’wshı’lardı’n` bilim alı’w dawamı’nda wo`zgerip kiyatirg`an wo`zlestiriw wo`zgerisleri, bahalaw wo`lshemleri tiykari’nda qaliplesip keldi.

Jı’llar dawamı’nda ta`lim beriwshi’nin` bir neshe usı’lları’ ha`m metodları’ payda bolı’p wolardı’n` ja`miyettegi wornı’, a`hmiyeti ullı’.

Sabaq ha`mme pa`nler qatarı’nda muzı’ka woqı’tı’wda ayrı’m sabaqlar balalardı’n` ta`lim alı’w processı’n u`yreniw tiykarı’nda sho`lkemlestirilgen bolsa, basqaları’ sabaq beriw processınde payda bolatu`g`ın mashqalalardı’ yesapqa alg`an jag`dayda sho`lkemlestirilgen.

Woqı’tı’w formaları’nı’n` basqa ha`r tu`rleri bir qansha ilimpazlar ta`repinen islep shıg`i’lg`an filosofiyalı’q-modellar tiykarı’nda sho`lkemlestirilgen. Son`i’n’ ala, woqı’tı’wshı’nı’n` ta`lim beriw modelları tiykarı’nda sho`lkemlestiriw ken` ko`lemde a`melge ası’rı’la basladı’.

Woqı’tı’wshı’ ha`r bir sabaqtı’ jetilistiriw barı’sı’nda woqı’wshı’lardı’n` bilimin tolı’q rawajlandırıp barı’ladı’. Sabaqtag`I’ woqı’tı’lı’p atı’rg`an muzı’kalı’q shı’g`armaları’nan ruwxı’y azı’q aladı’, milliy shı’g`armaları’nan ruwxı’y bir ko`terin`kilik aladı’. Sonday-aq wolarda ideologiyalı’q sezimlerdi rawajlandı’rı’w ma`selesi

keleshek awlattı kamıl insanlar, wo`z yelinin` azamatı’ yetip jetilistiriw arqalı’ ası’rı’w maqsetinde ha`r bir sabaq barı’sı’nda, woqı’w rejelerinde jobalastırg`anda yen` baslı’ maqset retinde woqı’wshı’lardı’ ideologiyalı’q ruwxta ta`rbiyalaw bilimin tolı’q jetilistiriw ma`selesin qoyı’w kerek. Jaslardı ‘ha`r ta`repleme jetisken yetip woqı’tı’w, ta`limdi rawajlandı’rı’w, ta`rbiya beriw bu`gingi ku`nnin` yen` a`hmiyetli waziypası’.

Ha`r bir a`wlad wo`zinen aldıng`i’ a`wlatları’nan yesitip, bayı’tıp, toltı’rı’p atqarg`an ha`mde keleshekke sol motivde uzatı’p kiyatırg`an ruwxı’y miyrası’.

Bul muzı’ka miyrası’mı’z, da`stu`rler ha`m wolar mazmunı’nda atqarı’lıwshı’ ideyalar xalı’qtı’ birlestiriwshi, turli xalı’qlardı’ wo`zara jaqı’nlastı’rı’wshı’, sonı’n`day, O`zbekistan Respublikası’ g`a`rezsizligini bekkemlewge jollawshı’ qudiretli kushke aylanı’wı’ mumkin.

Sabaq maqsetindegi kutilgen na`tiyje ha`m juwaplarda tabı’slarg`a iye bolı’wı’ tiyis. Ku`tilgen na`tiyjege yerisiw ushı’n woqı’tı’wshı’ izleniwshi, ta`jiriybeli ha`mde uqı’plı’ bolı’wı’ maqsetke say. Demek, sabaqtı’q maqseti menen juwmaqlaw koeffitsenti biraz bolsada bir birine tuwri keliwi kerek.

Sabaq barı’sı’na kelsek, sabaqta temanı’n` ta`rbiyalı’q mazmunları’na itibar beriliwi woqı’wshı’larg`a temanı’n` tariyxıy pedagogikalı’q mazmunı’n jetkere ali’w jol – jobaları’, metodikası’, interaktiv xa`reketler isleniwi kerek.

Woqı’wshı’ ushı’n ha`r bir sabaq mazmung`a bay, qı’zi’qlı’, ta`rbiyalı’q a`hmiyetke iye bolı’wı’ sha`rt. Bul bolsa balanı’n`

ha`rta`repleme wosiwinde, ta`lim rawajı'na ja`rdem beredi. Sabaqtı' ha`r bir ta`limge baylanı'stı'rı'wı' arqalı' wolardı' woylaw aylanı'sı' rawajlanadı'. Woqı'wshı' ha`r ku`n, ha`r waqı't ha`r bir sabaqtan uyine bir na`rse alı'p ketiwi, qurı' qol menen uyine barmawı'n maqset yetip ali'wi' kerek. Bul woqı'tı'wshı'nı'n` moynı'ndag`i' yen` tiykarg`i' ma`sele. Juwmaqlap aytqanda ha`r bir woqı'tı'wshı' ha`m de ta`rbiyashı' sabaqtı' wo`tip ketpesten ko`pshilik waqı'tı'n woqı'wshı'lardı' ta`rbiyalawdı'n` intelektual bag`darları'n izlep wo`z u`stinde tı'nı'msı'z izleniwi bugingi zamanagoy texnologiyalasqan dawirdin` zamang`a say woqı'tı'wshı'sı' bolı'wı' sha`rt.

Woqı'wshı'lardı'n` bilimleri, shan`araqtag`i' jag`dayları' sebepli wolardı' yesapqa alı'p woqı'tı'wshı'lardı'n` ju`mı'sı' ja`nede quramalasadı', wolar burıng`i'dan ko`re ha`r qı'ylı' da`rejede ha`m de ha`r turli a`meliy ko`nlikpelerge iye bolg`an woqı'wshı'lar arası'nda jumı's islewlerine tuwrı' keledi. Bul bolsa wolardan ta`lim beriwde jan`a usı'l ha`m metodlar qollanı'lı'wı'n ko`rsetip beredi.

Paydalang`an a`debiyatlar

1. Karimov.I.A. «Yuksak ma`naviyat engilmas kuch». T.: 2008.

2. Azizxodjaeva.N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Oquv qollanma.-T.: 2006, 160b.

3. Golish L.V., Fayzullaeva D.M. Pedagogika texnologiyalarni loyihalashtirish va rejalashtirish: O`quv uslubiy qo`llanma/ Ta`limda innovatsion texnologiya seriyasi.- T.: 2010. 149b.

4. Ishmuhammedov «Ta`limda innovatsion texnologiya» 2010y Toshkent. Fan nashriyoti 232b

5. Internet betleri: http://www.www.ifc.or.jp

6. http://www.webnexus.com/users/icc/iccnchp.html